दिन—सोमवार　　　　　　　　　　　　　　　　　　　　दिनांक—22.12.2025

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः—शाम 06:25 बजे सँ　　　　　　　　　　　　　　　　अवधिः—05 मिनट

---

राष्ट्रपति द्रौपदी मुर्मू विकसित भारत रोजगार आ आजीविका मिशन—ग्रामीण विकसित भारत जी राम जी विधेयक दू हजार पच्चीस के मंजूरी दऽ देलनि। ई विधेयक संसदक शीतकालीन सत्र मे पारित भेल छल। ई मनरेगाक स्थान लेत। एकर अंतर्गत प्रत्येक वित्तीय वर्ष मे हरेक ग्रामीण परिवार के एक सय पच्चीस दिनक मजदूरीक वैद्यानिक गारंटी प्रदान कयल जायत। एहि मे परिवारक वयस्क सदस्य जे अकुशल शारीरिक श्रम करबाक लेल इच्छुक छथि— हुनका मजदूरी देल जायत।

———————————————————————

मुख्यमंत्री नीतीश कुमार आइ नव दिल्ली मे प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी सँ भेट कयलनि। दुनू नेताक मध्य भेल भेट मे बिहार विधानसभा मे एनडीएक जीत आ नव सरकारक काज के लऽकऽ चर्चा भेल। श्री कुमार केन्द्रीय गृह मंत्री अमित शाह सँ सेहो भेट कयलनि। विदित अछि जे मुख्यमंत्री दू दिवसीय कार्यक्रम पर नव दिल्ली मे छथि। एहि क्रम मे ओ अपन रूटीन मेडिकल जांच सेहो करौताह।

———————————————————————

जदयूक वरिष्ठ नेता आ ग्रामीण कार्य मंत्री अशोक चौधरी कहलनि अछि जे मुख्यमंत्री नीतीश कुमारक प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी सँ भेट राज्यक विकासक मार्ग प्रशस्त करत। पटना मे संवाददाता लोकनि के ओ जनौलनि जे राज्यक विकास मे केन्द्र सरकार बढ़ि—चढ़ि कऽ कोना मददि कऽ सकैत अछि, एहि पर चर्चा भेल।

———————————————————————

सीतामढ़ीक पुनौराधाम मे तेईसम अंतर्राष्ट्रीय मैथिली सम्मेलनक उद्घाटन आइ भाजपाक प्रदेश अध्यक्ष संजय सरावगी कयलनि। माता जानकीक प्राकट्य स्थल पुनौराधाम मे आयोजित एहि सम्मेलनक अध्यक्षता सीतामढ़ीक सांसद देवेशचंद्र ठाकुर कयलनि। कार्यक्रम मे मुख्य अतिथिक रूप मे उपस्थित दरभंगाक सांसद गोपालजी ठाकुर कहलनि जे एनडीए सरकार मिथिलाक समग्र विकास लेल कृत संकल्पित अछि। सम्मेलन मे कतेको गणमान्य लोक भाग लेलनि।

————————————————————————————————

संपूर्ण प्रदेश घनगर कुहेस आ कड़गर ठंढ़ाक चपेट मे अछि। अधिकतम आ न्यूनतम तापमानक मध्य कम अंतर हेबा सँ ठंढ़ा आ कनकनी बढ़ि गेल अछि। दरभंगा, मधुबनी, समस्तीपुर आ राजधानी पटना समेत प्रदेशक कतेको भाग मे शीतदिवसक स्थिति बनल अछि। मौसम विभाग अपन पूर्वानुमान मे कहलक अछि जे अगिला तीन सँ चारि दिन धरि प्रदेशक उत्तर–पश्चिम, दक्षिण–पश्चिम आ मध्य भागक कतेको स्थान पर शीतदिवसक स्थिति बनल रहत। एहि के लऽकऽ विभाग ऑरेंज अलर्ट जारी कयलक अछि। ओतहि, सीतामढ़ी, शिवहर समेत प्रदेशक उत्तर–मध्य भाग मे कतेको ठाम घनगर कुहेस लगबाक संभावना अछि। घनगर कुहेसक कारण दृश्यताक स्तर कम हेबा सँ रेल, सड़क आ हवाई यातायात प्रभावित रहल। गया, दरभंगा आ पूर्णियां हवाई अड्डा सँ कतेको विमान रद्द रहल आ कतेको विलंब सँ उड़ल। पैघ दूरीक कतेको रेलगाड़ीक परिचालन सेहो प्रभावित भऽ रहल अछि।

————————————————————————————————

उपमुख्यमंत्री सह राजस्व आ भूमि सुधार मंत्री विजय कुमार सिन्हा कहलनि अछि जे सरकारी जमीनक दाखिल खारिज मे गड़बड़ी करयवला अधिकारी आ कर्मचारी लोकनि के छोड़ल नहि जायत। अपन जनता दरबार मे श्री सिन्हा कहलनि जे सरकारी जमीन के गलत तरीका सँ म्यूटेशनक मामिलाक शिकायतक बाद अधिकारी लोकनि के सख्त चेतावनी देल गेल अछि।

————————————————————————————————

भारतीय जनता पार्टीक राष्ट्रीय कार्यकारी अध्यक्ष नितिन नवीन काल्हि पटना आबि रहल छथि। पटना मे मिलर हाई स्कूल मैदान मे हुनक नागरिक अभिनंदन कयल जायत। पटना हवाई अड्डा सँ वीरचंद पटेल पथ धरि ओ रोड़–शो सेहो करताह। रोड़–शो के देखैत यातायात व्यवस्था मे परिवर्तन कयल गेल अछि।

————————————————————————————————

केन्द्रीय वस्त्र मंत्रालयक हस्तशिल्प विभाग आ बिहार संग्रहालयक संयुक्त तत्वावधान मे आइ सँ पटनाक गांधी मैदान मे शिल्प मेला शुरू भेल, जकर उद्घाटन कला आ संस्कृति मंत्री अरूण शंकर प्रसाद कयलनि। मेला मे पद्मश्री सँ सम्मानित चारि लोक कलाकार बौआ देवी, दुलारी देवी, अशोक विश्वास आ जगदीश पंडितक शिल्पक प्रदर्शनी सेहो लागल अछि।

———————————————————————

बिहार मे अपराधक मामिला मे उल्लेखनीय कमी भेल अछि। पुलिस महानिदेशक विनय कुमार आइ पटना मे एक संवाददाता सम्मेलन मे जनौलनि जे हत्याक मामिला मे सात दशमलव सात दू आ डकैतीक मामिला मे चौबीस दशमव आठ सात प्रतिशत कमी भेल अछि। ओ कहलनि जे नक्सलवाद लगभग समाप्त भऽ चुकल अछि।

———————————————————————

मधुबनी जिला मे काल्हि सँ दू दिवसीय राज्यस्तरीय युवा महोत्सवक आयोजन होयत। महोत्सव मे भाग लेबाक लेल विभिन्न जिलाक टीम मधुबनी पहुंचि रहल अछि।

———————————————————————

समाप्त